



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETAP ENPÒTAN PLIS PASE 100 CHAJÈ RAPID
POU VEYIKIL ELEKTRIK EVOLVE NY KI ENSTALE**

*Dènne chajè yo elaji enfrastrikti veyikil elektrik nan Long Island, ki abrite prèske
30 pousan pwopriyetè veyikil elektrik nan Eta New York*

*Gade videyo ki selebre etap enpòtan sou transpò pwòp New York [isit la](#) ak foto sit
Long Island yo [isit la](#)*

Gade yon kat estasyon rechaj EVolve NY yo [isit la](#)

Pou konplete Semèn Klima a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 100 chajè gwo vitès te enstale atravè eta a nan kad rezo rechaj rapid EVolve NY Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la pou veyikil elektrik yo. Dènne chajè rapid kouran dirèk ki enstale nan anba lavil Riverhead ak Commack nan Konte Suffolk make premye sant rechaj rapid rezo EVolve NY nan Long Island, kote prèske 30 pousan pwopriyetè veyikil elektrik Eta New York ap viv. Yon lòt estasyon rechaj rapid nan Bridgehampton pral fini nan mwa oktòb.

"Avèk plis pase 100 chajè gwo vitès EVolve NY atravè eta a, New York te enpoze tèt li kòm yon lidè nan fè avanse transpò pwòp ak rediksyon emisyon ki soti nan sektè transpò a - pi gwo sous emisyon gaz a efè sè nan nasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Twa dènne chajè yo ki vini nan Long Island, ki gen plis chofè veyikil elektrik (EV) pase nenpòt lòt kote nan eta a, make pwogrè nou nan bati enfrastrikti ki nesèsè pou sipòte tranzisyon nou an nan veyikil elektrik yo nan batay kont chanjman klimatik".

Rezo rechaj gwo vitès ak aksè ouvè EVolve NY Otorite Enèji New York (NYPA) la te enstale chajè rapid nan kote kle nan koridò prensipal vwayaj yo ak nan zòn iben yo pou rann li pi fasil pou plis Nouyòkè kondwi veyikil elektrik (EV). Tout veyikil elektrik ki alimante avèk batri gen kapasite pou chaje rapid nan apèn 20 minit. Veyikil Elektrik yo ofri yon mwayen transpò ki ede konpanse emisyon veyikil ki alimante avèk gaz epi ede fè avanse Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) nasyonal pou redui emisyon kabòn nan 85 pousan dis 2050.

Twa nouvo sit Long Island elaji rezo rechaj rapid

Dapre EvaluateNY, Long Island reprezante prèske 30 pousan pwopriyetè veyikil elektrik New York avèk 32,090 veyikil sou wout la, yon pousantaj ki pi wo pase nenpòt lòt rejyon nan eta a. Plis pase 26 pousan nan 1,020 pò chajè rapid DCFC piblik ak prive aktyèl yo nan eta a sitiye nan Long Island. Ekspansyon EVolve NY nan Long Island pral bay moun ki abite nan Long Island plis aksè nan rechaj veyikil.

Chajè EVolve NY yo fonksyonèl kounye a nan yon sant komèsyal nan 656 Commack Road nan Commack ak yon pakin minisipal nan [209 East Ave. nan Riverhead](#) Chajè yo nan yon lo minisipal Bridgehampton nan 99 School Street espere ouvri nan fen mwa oktòb. Yo prevwa yon total 140 chajè rapid EVolve NY ki disponib atravè eta a nan fen ane a.

Kat chajè rapid kouran dirèk (direct current fast chargers, DCFC) ki sitiye nan Riverhead ak Commack ka chaje nenpòt mak oswa modèl EV nan 80 pousan nan apèn 20 minit. Estasyon rechaj yo ekipe avèk konektè ki chaje rapid ki pèmèt tout veyikil elektrik, ki gen ladan machin Tesla ak yon adaptè, konekte. Blòk chajè rapid Riverhead ak Commack yo alimante avèk PSEG Long Island, nan non Otorite Enèji Long Island. Riverhead gen tou kat chajè Nivo 2 piblik, ki ka itilize pou chaje pandan yon arè ki pi long. Chajè Commack yo se premye chajè rapid oswa Nivo 2 nan ti vilaj la.

Enstalasyon [chajè Riverhead](#)—ki chita anba lavil nan 209 East Avenue—se yon sit ki idantifye atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Depatman Eta (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Pwogram nan bati sou envèstisman piblik ak prive pou kreye distri biznis ki dinamik anba lavil yo. Riverhead se youn nan sis vil k ap deplwaye chajè EVolve NY an kolaborasyon avèk pwogram DRI pou fè kondui veyikil vin yon opsyon ki pi aksesib pou plis rezidan lokal yo ak tout Nouyòkè yo pandan y ap sipòte devlopman ekonomik nan anba lavil atravè eta a. Pwogram milti-ajans lan, yo rele DRIve EV Downtown, gen ladann lòt kote DRI ki te enstale chaj rapid EV, tankou nan Amsterdam (Konte Montgomery), Geneva (Konte Ontario), Middletown (Konte Orange nan Hudson Valley), Utica (Konte Oneida), ak Oswego (Konte Oswego).

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Kòm pyonye nan espas rechaj veyikil elektrik la, NYPA ap poze fondasyon nan yon endistri k ap grandi rapidman, l ap enstale chajè gwo vitès nan tout eta a nan yon fason rapid, avèk teknoloji depwent epi ki pa koute chè. Depase 100 chajè solidifye kolòn vètebral rezo nan tout eta nou an epi enspire ankò plis envestisman nan objektif orijinal nou pou ede elektrifye vwayaj nan pi gwo koridò vwayaj New York yo. Itilizasyon EV ap monte byen vit nan Long Island epi NYPA fyè pou l ede l fè kondui EV pi fasil".

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Eta enpòtan sa a reprezante lidèchip Eta a nan fè yon New York ki pi vèt. Dekabonize anba lavil yo ak investi nan enfrastrikti ki bon pou klima a se yon blòk konstriksyon enpòtan pou revitalizasyon anba lavil yo. Nouyòkè yo ap retounen nan anba lavil ki pi dinamik ak reyimajine epi fè yo pi rezistan tounen yon priyorite DOS".

Direktè Egzekitif Otorite Enèji Long Island lan, Thomas Falcone te deklare, "Felisitasyon bay NYPA pou etap enpòtan yo genyen nan 100 chajè rapid veyikil elektrik, ansanm ak pou lanse twa premye chajè rapid EVolve NY yo nan Long Island. Avèk chajè EV yo k ap vin disponib pi fasil, enterè piblik nan teknoloji a pral sèlman ogmante epi mete nou sou wout siksè nan atenn objektif enèji pwòp New York yo. Nou pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm ak patnè nou yo nan NYPA pou fè tout sa nou kapab pou ankouraje adopsyon veyikil elektrik yo nan rejyon nou an atravè edikasyon ak ankourajman".

Sipèvizè Vil Riverhead Yvette Aguilar te deklare, "Estasyon rechaj yo, tankou chajè rapid EVolve sa yo, ede ranfòse enfrastrikti jeneral anba lavil Riverhead, ki enpòtan anpil pou revitalizasyon ak renesans global anba lavil nou an. Pandan plis Nouyòkè ap fè chanjman nan veyikil elektrik, disponiblite chajè sa yo pral san dout vin pi dominan toujou".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Electrify America, Giovanni Palazzo, te deklare, "Nou kontan pou nou selebre etap enpòtan Otorite Enèji New York ki gen plis pase 100 chajè nan rezo rechaj EVolve NY li a. Atravè kolaborasyon kontinyèl nou an, Electrify America ap ede NYPA pou fè avanse mobilite veyikil elektrik pou tout moun nan eta New York".

Direktè Efikasite Enèji ak Renouvlab nan PSEG Long Island, Michael Voltz, te deklare, "PSEG Long Island felisite NYPA pou etap enpòtan sa a. Nou te kontan travay avèk NYPA pou vini ak yon konsepsyon yo dakò pou konekte estasyon chaj rapid EV a nan rezo elektrik la pou bay pwopriyetè EV k ap rechaje machin yo alimantasyon ki rapid ak fyab. Long Island gen pi gwo pousantaj veyikil elektrik pou chak pwopriyetè total machin nan nenpòt zòn nan Eta New York, epi nou kontan anpil estasyon EV adisyonèl k ap antre nan rejyon nou an".

Prezidan Drive Electric Long Island lan, Marjaneh Issapour, te deklare, "Drive Electric Long Island felisite NYPA pou pwogram chaj rapid Evolve NY li a pou rann chaje EV rapid, abòdab ak pratik isit la nan Long Island ak nan tout New York. Objektif nou se akselere ak ankouraje adopsyon veyikil elektrik yo ak enfrastrikti rechaj adisyonèl atravè defans, edikasyon ak sansibilizasyon. Rezo Evolve NY la fè akonplisman sa pi fasil epi li reponn a bezwen chofè EV Long Island yo. Avèk Long Island ki gen 30 pousan EV yo nan Eta New York, chofè nou yo definitivman bezwen plis opsyon rechaj. Nou fyè pou nou selebre 100yèm estasyon EVolve isit la nan Riverhead ak ajoute Commack ak Bridgehampton nan rezo a".

Pwogrè nan Transpò Pwòp Eta New York

Eta New York gen yon objektif enterimè pou atenn 850,000 veyikil zewo emisyon vè 2025 ak pou tout nouvo veyikil pasaje yo pou yo se zewo emisyon disi 2035. New York ap fè objektif sa yo avanse rapidman atravè yon seri inisyativ ki genyen ladan l [EV Make Ready \(Prepare Veyikil Elektrik\)](#), [EVolve NY](#), [Drive Clean Rebate \(Rabè pou Kondui yon Fason Ekolojik\)](#), [Pwogram Koupon Motivasyon pou Kamyon New York la](#) (New York Truck Voucher Program, NYTVIP) ak [Charge NY \(Rechaje NY\)](#). Efò sa yo

te kontribye ak yon ogmantasyon rekò nan kantite machin elektrik yo vann nan New York an 2021, k ap pote kantite total EV sou wout la apati septanm 2022 a pou plis pase 114,000 ak kantite estasyon rechaj nan eta a nan plis pase 10,000, sa ki gen ladan Nivo 2 ak chajè rapid.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

Konsènan Otorite Enèji New York la

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov epi swiv nou sou [Twitter @NYPAenergy](https://twitter.com/NYPAenergy), [Facebook](https://www.facebook.com/NYPAenergy), [Instagram](https://www.instagram.com/NYPAenergy), [Tumblr](https://www.tumblr.com/NYPAenergy) ak [LinkedIn](https://www.linkedin.com/company/NYPAenergy).

###